

Pwogram Ansèyman Vityèl (VIP)

**Peryòd Enskripsyon pou elèv a plen tan louvri
soti 12 avril 2020 pou rive 12 jiyè pou premye
semès ane eskolè 2020-2021 an.**

Pwogram Ansèyman Vityèl (VIP) ofri elèv ki kalifye yo yon enstriksyon ki dire 180 jou an liy, ki genyen bon jan kalite, ki a plen tan oubyen a tan pasyèl soti nan klas Matènèl rive nan klas 12èm ane. Tout anseyan yo se pwofesè ki sètifye nan eta Florida epi se founisè ki apwouve, ke yo kontrakte pou kontini yo ki anplwaye yo.



Ki moun ki kalifye pou patisipe?

Elèv yo dwe satisfè youn nan ekzijans kalifikasyon sa yo:

- Elèv la te ale nan yon Lekòl Piblik nan Florida nan ane ki sot pase la a;
- Elèv la genyen yon frè oubyen yon sè ki enskri kouraman nan yon Pwogram Ansèyman Vityèl;
- Elèv la ap antre nan klas matènèl oswa premye ane;
- Elèv la depann de yon manb fanmi ki nan militè ki te transfere nan dènye 12 mwa pase yo; OUBYEN
- Elèv la kalifye pou antre nan klas 2èm pou rive 5èm ane epi li enskri a plen tan nan yon pwogram ansèyman vityèl nan yon distri eskolè, nan yon charter school, oswa nan Lekòl Vityèl Florida.

Ale wè § 1002.455, F.S. pou plis enfòmasyon.

Si pitit ou kapab reponn “wi” pou chak nan deklarasyon ki pi ba yo, kidonk lekòl vityèl kapab bon pou li.

- Mwen pran an konsiderasyon aktivite pèsònèl, travay akademik, ansanm ak aktivite ekstra nan lekòl la (klèb, espò, etc.), Mwen pral kapab devwe menm kantite oswa plis tan nan klas an liy mwen, menm jan mwen fè sa nan etid tradisyonèl yo.
- Mwen konfòtab pou mwen itilize entènèt kòm mwayen kominikasyon ak rechèch.
- Mwen ap kapab aprann epi aplike nouvo lojisyèl aplikasyon yo.
- Mwen ap kapab priyoreze travay mwen yo, òganize devwa yo, epi konplete devwa yo nan delè yo bay la.
- Mwen kwè ke abilite pou mwen li, ekri, ak kominike plase pi wo ke mwayèn.
- Mwen prefere travay pou kont mwen nan devwa yo.
- Mwen aprann pi byen lè mwen li direksyon yo, olye pou yon pwofesè ap ekspoze kou yo epi ap bay eksplikasyon nan bouch.

Elèv yo kalifye pou resevwa yon òdinatè, ekran, enprimant ak/oubyen pou yo ranbouse yo pou sèvis entènèt si yon elèv kalifye pou resevwa nouriti gratis oswa a pri redwi swivan sa Atik Lwa sou Kantin Eskolè Nasyonan la di, oswa yon elèv ki nan lis sètifikasyon dirèk la (pou sèvis ki enkli, men ki pa limite a, *food stamps, Medicaid*, byenèt, chomè, etc.)

Contact Us!

Pou plis enfòmasyon oswa pou enskri pitit ou,
kontakte: Tracy Tyo
Telefòn: 239-377-0174 oubyen
E-mail: TyoTr@collierschools.com